



Avi anyèl PPRA pou ane lekòl 2025-2026 la

Amanman Pwoteksyon Dwa Elèv (Protection of Pupil Rights Amendment, PPRA) la bay paran ak elèv ki deja gen 18 ane sèten dwa konsènan patisipasyon nan sondaj, koleksyon ak itilizasyon enfòmasyon pou rezon maketing, ak kèk egzamen fizik.

PPRA ba oumenm ak pitit ou a dwa sa yo:

- Dwa pou bay konsantman alekri avan elèv yo patisipe nan nenpòt sondaj obligatwa, analiz, oswa evalyasyon k ap revele enfòmasyon konsènan bagay sa yo (“Espas Pwoteje”):
 - afilyasyon politik oswa kwayans elèv la oswa paran li;
 - pwoblèm mantal oswa sikolojik elèv la oswa fanmi li;
 - konpòtman oswa atitid seksyèl;
 - konpòtman ilegal, anti-sosyal, ki enkrimine tèt ou, oswa ki imilyan;
 - evalyasyon kritik lòt moun konsènan moun ou ka gen bonjan relasyon famiyal;
 - relasyon privilejye lalwa rekonèt, tankou avèk avoka, doktè, oswa chèf relijye;
 - pratik, afilyasyon, oswa kwayans relijye elèv la oswa paran li; oswa
 - revni, ki pa sa lalwa mande pou detèmine elijiblite pou pwogram.
- Dwa pou resevwa avi ak yon opòtinite pou refize fè pitit ou a patisipe nan sondaj, analiz, oswa evalyasyon ki pa obligatwa oswa k ap revele enfòmasyon konsènan Espas Pwoteje.
- Dwa pou resevwa avi ak yon opòtinite pou refize fè pitit ou a patisipe nan nenpòt bagay ki pa ijan, egzamen fizik ki anvayi entimite l oswa tès depistaj ki obligatwa kòm kondisyon prezans, ke lekòl la fè ak pwograme alavans, epi li pa nesesè pou pwoteje sante ak sekirite imedyat elèv la oswa lòt elèv.
- Dwa pou fè enspeksyon, sou demand, byen avan yo bay oswa itilize yo:
 - Nenpòt sondaj ki mande enfòmasyon konsènan Espas Pwoteje ki pi wo a; ak
 - Nenpòt materyèl ansèyman yo itilize kòm yon pati nan kourikoulòm edikasyon elèv la.

Resous anplis sou vi prive elèv dapre PPRA disponib sou sitwèb Biwo règleman sou konfidansyalite elèv Depatman edikasyon Etazini nan <https://studentprivacy.ed.gov>.

Paran ki kwè yo te vyole dwa PPRA yo ka depoze yon plent sou entènèt lè yo chwazi opsyon fòm plent PPRA la nan <https://studentprivacy.ed.gov/file-a-complaint> oswa voye li pa lapòs nan adrès sa a:

Student Privacy Policy Office
U.S. Department of Education
400 Maryland Avenue SW
Washington, D.C. 20202